


Alkitab kanggo murangkalih
Nyanggakeun

Daud Budak
Angon



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
Lazarus; Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: Ruth Klassen

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin


Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2023 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.



Baheula, basa harita di jaman Saul jadi raja Israil, aya budak anu namina Daud nulungan tujuh dulurna miara domba-domba kagungan ramana. Sanajan manéhna bungsu, Daud téh budak gagah jeung wanian anu nyaah jeung ngandelkeun ka Allah. Anjeunna cicing di kota Betlehem.



Dina hiji poe singa narajang ka domba-domba, newak hiji domba leutik keur dahareun. Daud anu ngora keneh malik nyerang. Narik anak domba eta, manéhna newak janggot sato galak nu ngagerem tuluy dipaehan. Daud terang yen Gusti parantos nulungan anjeunna.




Samuel, nabi Allah, masih keneh
sedih lantaran Raja Saul geus
nguciwakeun pisan ka Allah.
"Sabaraha lami anjeun bakal
milu sedih pikeun Saul?"
Allah nyaah ka Samuel.



"Kami ngutus anjeun ka Isai ... Sabab Kami geus milih sorangan saurang anu bakal jadi raja ti anak-anakna."

Isai teh nyaéta bapana Daud. Sanaos Samuel terang yén Raja Saul tiasa maéhan anjeunna kusabab badé milarian raja sanés, nabi éta mah taat ka Allah.





Nalika Samuel sumping,
Isai ngutus tujuh putrana
ngalangkungan Samuel. Ceuk
Samuel ka Isai, "Pangeran
teu milih nu ieu." Anu nyésa
nyaéta Daud, si bungsu.
Manéhna nuju kaluar ngangon
domba. Aranjeunna dibawa
ka Daud. Jeung PANGERAN
ngandika, "Hudang, geura
minyakan anjeunna, sabab
anjeunna anu dipilih."




Di karaton Saul, Ruh PANGERAN ngantunkeun Saul,
tuluy anjeunna jadi jelema anu kacida guligahna.


Palayan-palayanna nganggap
musik anu saé tiasa
ngarepehkeun pikiran
Saul. Anjeunna terang
aya saurang
nonoman anu saé
pisan maén
kacapi. Naha
anjeun tiasa
nebak saha éta
pamuda teh?
Sumuhun, Daud.




Musik Daud teh niiskeun pikiran Saul sarta mantuan manéhna mikir lempeng. Saul menta Isai supaya Daud tetep ngawula ka Raja. Dina prakna Saul ngalaman kasedih atawa sieun, Daud maénkeun kacapi pikeun anjeunna. Eta teh leres nulungan.



Sanggeus Daud balik ka imahna, Saul perang gede jeung urang Pelisti. Dulur-dulur Daud milu perang di antara pasukan Saul. Isai ngutus Daud ka barisan perang, nyandak tuangeun kanggo dulur-dulurna sareng milari kabar kumaha kaayaanana.



Raksasa Pelisti, Goliat, geus matak
sakabeh prajurit Israil kasieunan.




"Pilih saurang keur ngawakilan anjeun, tuluy bawa ka kuring!" Goliat ngagorowok. "Upami anjeunna tiasa ngalawan sareng maehan kuring, urang bakal jadi budak-budak anjeun. Sakabeh urang Israil, nalika aranjeunna ningali eta

raksasa, tuluy kabur kulantaran

sarieuneun pisan.



Saur Daud ka Saul, "Ulah kenging éléh manah ku anjeunna, ieu kuring, budak aranjeun badé perang ngalawan urang Pelisti." Saul nitah Daud geura make baju perang tina waja jeung mawa pedang. Tapi sabalikna, Daud ngan ukur nyandak hiji aisan jeung nyokot lima batu lemes tina walungan.




Atuh Goliat seuri ningali Daud nu ngora keneh malah teu make baju wesi. "Kuring bakal masihkeun daging maneh kanggo manuk jeung sato liar!" manéhna ngagerendeng. "Ieu kuring


datang ka anjeun dina lebet namina **PANGERAN!**" Daud ngajawab. "Poé ieu **PANGERAN** bakal nyerahkeun maneh ka leungeun kuring ... sabab perang ieu teh kagungan **PANGERAN!**"





Tuluy Daud langsung
lumpat ka Goliat.
Nalika anjeunna
lumpat, anjeunna
ngalepaskeun hiji
batu tina aisan -
pas pisan kana
tarang Goliat.
Goliat ambruk!



Daud gancang narik pedang Goliat sareng neukteuk sirahna. Nalika urang Pelisti ningali Goliat maot, aranjeunna lalumpatan da hayang salamet.





Raja Saul teu apaleun yen ieu teh Daud anu sarua anu ngalipur anjeunna ku kacapi. Anjeunna ngangkat Daud kapala tentarana - teras timburu nalika jalma-jalma ngahormatan kameunangan Daud. "Ayeuna naon deui anu anjeunna tiasa gaduh iwal karajaan?" Saul mikir. Ku kituna ti harita keneh Saul merhatikeun Daud.



Raja Saul kaganggu deui pikiranna. Geuwat Daud maénkeun musik pikeun nenangkeun manéhna. Tilu kali Saul ngalungkeun tumbakna ka Daud. Tapi Daud junun ngahindar unggal-unggal tumbak dialungkeun ka anjeunna.

Saul sieun ku Daud, sabab anjeunna terang yen PANGERAN nyarengan anjeunna, tapi geus undur ti Saul.



Tapi Yonatan, putra Saul, mikanyaah ka Daud sakumaha dulurna. "Bapa abdi Saul hoyong maehan anjeun," anjeunna ngingetkeun Daud. Jadi Daud ngahindar. Pamajikanana nempatkeun boneka dina ranjangna, sareng ngantep Daud turun tina jandela tengah wengi. Nalika pasukan Saul datang isuk-isuk, Daud geus ngaleungit.



Daud kudu kabur ti Saul. Saméméhna, manéhna jeung Yonatan mupakat babarengan. Maranéhna jangji baris silih tulungan. Bari saredih, eta dua sobatna silih amit. Daud indit neangan tempat kanggo manehna bisa cicing jauh ti kasieun yen tentara Saul bakal manggihan anjeunna.



Daud Budak Angon


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti


1 Samuel 16-20

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu
masihan Caang." Psalm 119:130





19



60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

